



**Pa Prezidan
Dieter F. Uchtdorf**
Dezyèm Konseye nan Premye
Prezidans lan

Chèche sa ki bon an

Pandan yo t ap chèche yon nouvo kay, yon koup Sen Dènye Jou te pale avèk kèk vwazen nan zòn nan sou vwazinaj la ak lekòl yo nan zòn nan.

Yon fi yo te pale avèk li te di apwopo lekòl pitit li yo te ale a: “Se kote ki pi ekstraòdinè a! Direktè a se yon bon gason; pwofesè yo byen kalifye, janti, ak amikal. Mwen kontan anpil dèske pitit nou yo kapab ale nan bon lekòl sa a. W ap renmen li!”

Yon lòt fi te di apwopo lekòl pitit li yo: “Se yon kote ki terib. Direktè a kwè nan tèt li; pwofesè yo pa kalifye, yo gwosye, ak dezagreyab. Si m te gen posiblité deplase soti nan zòn sa a, m t ap fè sa kounyeya menm!”

Sa k te enteresan an sèke toulède medam yo t ap pale de menm direktè a, menm pwofesè yo, ak menm lekòl la.

Èske nou janm remake ke moun kapab abityèlman jwenn kèlkeswa sa y ap chèche a? Chèche byen, epi n ap dekouvri ni sa ki bon ni sa ki move nan prèske tout moun ak nan tout bagay. Moun ap fè menm bagay la tou avèk Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo depi nan kòmansman li. Moun k ap chèche sa ki bon yo ap wè yon pèp janti ak konpatisan — yon pèp ki renmen Senyè a epi ki vle sèvi li ak beni lavi pwochen yo. Men se vre tou ke moun k ap chèche sa k pa bon yo ap sètènman wè bagay ki pa osi ideyal.

Malerezman, pafwa sa rive menm andedan Legliz la. Pa gen fen nan kreyativite, entelijans ak tenasite moun k ap chèche rezon pou kritike yo. Se kòm si yo pa ka

lache bay rankin yo. Yo kritike ak wè fot nan lòt moun. Yo nourri move santiman yo pandan dèzane, yo chèche tout opòtinite pou kraze ak diminye lòt moun. Sa pa fè Senyè a plezi, “paske kote ki gen jalouzi, kote moun ap kouri dèyè enterè pa yo, fòk gen dezòd ak tout kalite mechanste.” (Jak 3:16).

Prezidan George Q. Cannon (1827–1901) te konnen Prezidan Brigham Young (1801–77) byen, li te travay avèk li pandan plizyè ane, kòm manm Kolèj Douz Apot yo ak kòm konseye li nan Premye Prezidans lan. Apre lanmò Prezidan Young, Prezidan Cannon te ekri nan jounal li: “M pa t janm kritike ni wè fot nan konduit [Brigham Young], nan konsèy li oswa ansèyman li okenn moman nan kè mwen, ni nan pawòl mwen oswa aksyon mwen. Sa se yon plezi pou mwen kounyeya. Panse m te toujou genyen sete: Si m kritike, oubyen wè fot, oubyen jije Frè Brigham, jis ki kote m ka ale; si m kòmpanse, ki kote pou m ta kanpe? M pa t foute tèt mwen nan wout sa a. Mwen te konnen ke apostazi souvan se rezilta ki soti nan tonbe nan espri kritike ak pale mal. Lòt moun ki pi solid, ki gen plis sajès ak eksperyans pase mwen, gen dwa fè anpil bagay epi chape anba konsekans mal yo, sa ke m pa oze fè.”¹

Konsèy pisan Prezidan Cannon nan se yon bagay ke nou menm, manm Legliz la, dwe byen konsidere. Pawòl Bondye a egzòte moun k ap suiv Kris yo pou yo “pi, . . . tande rezon, gen kè sansib, fè anpil byen, san prejije,

ni nan ipokrit.” Moun k ap chèche lapè yo, “y ap travay ak kè poze pou yo ka rekòlte yon lavi ki dwat devan Bondye” (Jak 3:17, 18).

Nou gen yon chwa. Nou kapab chèche sa ki pa bon nan lòt moun. Oubyen nou kapab fè lapè epi travay pou pataje ak lòt moun konpreyansyon, jistis, ak padon nou si dezespereman bezwen pou tèt nou an. Se chwa pa nou; paske kèlkeswa sa nou chèche, se sa n ap jwenn sètènman.

NÒT

1. George Q. Cannon, *Journal*, Jan. 17, 1878; vokabilè modènize.

ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

“Petèt ou santi ke ou manke konprann yon sèten prensip ke w ap prepare pou anseye,” notes *Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* ([1999], 19). “Sepandan, si ou etidye li nan espri lapriyè, ou fè efò pou viv li, prepare pou anseye li, epi apresya pataje l avèk lòt moun, pwòp temwayaj ou ap fòtifye ak apwonfondi.”

Si ou chèche sa ki bon nan lavi ak nan lòt moun mwa sa a, w ap pi byen prepare pou anseye mesaj sa a ak temwaye konsènan verasite li.

JÈN YO

Efè pozitif ki genyen lè yon chyen mòde w

Pa Tara Stringham

Nan ete 2009 la, chyen zanmi m nan te mòde m nan figi. Malerezman, mòde a te chire po bouch mwen, e yo te oblije koud li.

Aprè blese a, mwen te dekouraje. M te kite advèsite pran pye sou panse mwen, epi m te santi kòm si tout lavi m te detwi. Mwen te santi m anbarase avèk po bouch mwen e m pa t vle ale nan piblik ditou. Nan lespri pa mwen, plan m pou pyano, volebòl, legliz, naje, ak lekòl te demoli poutèt blese m nan.

Men chak fwa m te priye, resevwa benediksyon Prè-triz, pale avèk paran mwen, oswa resevwa vizit fanmi ak zanmi mwen, lespri m te edifye e m te santi bonè nan yon tan tristès. Mwen te vit reyalize ke si moun te panse avèk blese m nan, yo te santi konpasyon pou mwen.

Eksperyans sa a te ede bati karaktè mwen, epi m te aprann pou m pa sousye pou sa lòt moun panse de mwen. Mwen te beni tou paske blese m nan te ede m reyalize ke m dwe panse mwens avèk tèt mwen epi kòmanse sousye plis pou lòt moun. Lespri mwen te fòtifye anpil pandan tan sa a.

M te aprann ke advèsite se yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou nou. Si nou chèche sa ki bon e non pa sa ki pa bon, nou kapab simonte advèsite, vin yon pi bon moun, epi kite eksperyans la fòtifye temwayaj nou.

TIMOUN YO

Chèche sa ki bon bò kote ou

Ou kapab wè sa ki bon bò kote ou si w aprann chèche sa. Yon fason ou kapab aprann rekonèt benediksyon yo se etabli yon abitid chak swa pou konte bon bagay ou te wè nan jounen an.

Pran tan aswè a pou pale yon manm fanmi de kèk nan bon bagay ou te wè nan pwòp lavi pa ou jodi a.



Anba Prètriz la ak selon modèl Prètriz la

Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.

Chè sè m yo, ala nou beni! Non sèlman nou se manm Legliz sa a, men se manm Sosyete Sekou tou — “òganizasyon Senyè a pou fi yo.”¹ Sosyete Sekou se prèv lanmou Bondye pou pitit fi l yo.

Èske kè nou pa bat lè nou raple n bèl kòmansman sosyete sa a? Jou 17 Mas 1842 a, Pwofèt Joseph Smith te òganize sè yo “anba prètriz la selon modèl prètriz la.”²

Òganize “*anba prètriz la*” te bay sè yo otorite ak direksyon. Eliza R. Snow, dezyèm prezidant jeneral Sosyete Sekou, te anseye ke Sosyete Sekou “pa kapab egziste san Prètriz la, palefèt ke tout otorite li ak enfliyan li soti nan sous sa a.”³ Èldè Dallin H. Oaks nan Kolèj Douz Apot yo te eksplike: “Otorite ki pou te egzèse pa ofisye ak enstriktris Sosyete Sekou yo . . . sete otorite ke yo te resevwa atravè koneksyon òganizasyon yo avèk Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo epi atravè mizapa endividyèl yo anba men dirijan Prètriz yo ki te aple yo a.”⁴

Òganize “*selon modèl Prètriz la*” te bay sè yo responsablite sakre. Julie B. Beck, prezidant

jeneral Sosyete Sekou, eksplike: “Nou fonksyone selon modèl prètriz la — ki vle di ke nou chèche, resevwa, ak aji selon revelasyon; nou pran desizyon an konsèy; e nou sousye nou pou pran swen chak moun youn pa youn. Objektif nou se objektif prètriz la pou prepare tèt nou pou benediksyon lavi etènèl yo nan fè ak respekte alyans. Se poutèt sa, menmjan pou frè nou yo ki detni prètriz la, travay pa nou se yon travay sali, sèvis, ak vin yon pèp sen.”⁵

Barbara Thompson, dezyèm konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a.

Apati ekriti yo

1 Korentyen 11:11; Doktrin ak Alyans 25:3; 121:36–46

Apati istwa nou

Pandan konstriksyon Tanp Novou a, yon gwoup sè te vle òganize yo pou pote sipò yo nan travay konstriksyon an. Eliza R. Snow te prepare règleman pou nouvo gwoup sa a. Lè l te montre Pwofèt Joseph Smith yo, li te reponn: “Di sè yo Senyè a aksepte ofrann yo a, e li gen yon pi bon bagay pou yo. . . . M pral òganize fi yo anba prètriz la selon modèl

Prètriz la.”⁶ Yon ti tan apre, Pwofèt la te di Sosyete Sekou ki te fèk òganize a: “Kounyeya, mwen remèt nou kle a nan non Bondye, e Sosyete sa a pral rejwi, epi konesans ak entelijans pral vide apati moman sa a.”⁷ Yo te atann pou sè yo rive nan yon nouvo nivo sentete epi pou prepare pou òdonans Prètriz yo ki ta pral administre nan tanp lan.

NÒT

1. Spencer W. Kimball, “Relief Society — Its Promise and Potential,” *Ensign*, Mas. 1976, 4.
2. Joseph Smith, quoted in Sarah Granger Kimball, “Auto-biography,” *Woman’s Exponent*, Sept. 1, 1883, 51.
3. Eliza R. Snow, “Female Relief Society,” *Deseret News*, Apr. 22, 1868, 81.
4. Dallin H. Oaks, “The Relief Society and the Church,” *Ensign*, Me 1992, 36.
5. Julie B. Beck, “Relief Society: A Sacred Work,” *Liahona*, Nov. 2009, 111.
6. Joseph Smith, site nan Kimball, “Auto-biography,” 51.
7. *Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* (2007), 451.

Kisa m kapab fè?

1. Kijan m kapab ede sè m ap vizite yo jwi benediksyon travay sakre Sosyete Sekou yo?
2. Kisa m pral fè mwa sa a pou ogmante kapasite mwen pou resevwa revelasyon pèsònèl?

Pou plis enfòmasyon, ale nan www.reliefsociety.lds.org.